ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№125 (23.939) ● 2019 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIу Мусуков А. ТI. гъэувыным арэзы техъуэным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къулыкъум игъэувын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Мусуков Алий ТIэхьир и къуэм и кандидатурэу къыхилъхьам хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ (Iыхьэ 1-м и «г» пункт), 109-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 10-нэ статьям и пункт 1-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIу Мусуков Алий ТIэхьир и къуэр игъэувыным арэзы техъуэн.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ.**

*Налшык къалэ*
*2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м*
*№28-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «а» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIу гъэувын **Мусуков Алий ТIэхьир и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м*
*№88-УГ*

# КIуэкIуэ Казбек «Антарес» сабий центрыр зэраухуэм еплъащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. къипщытащ зэфIэкI хэха зиIэ сабийхэр убзыхунымрэ абыхэм защIэгъэкъуэнымкIэ щIыналъэ центрыр зэращIым.**

ИДЖЫПСТУ ухуакIуэхэм еджапIэ пэшхэр, шхапIэр зыхуей хуагъазэ, инженер сетхэр зэтрагъэувэ, пщIантIэр зэIузэпэщ ящI. Предмет щхьэхуэхэм папщIэ лабораторэхэр, лъэщапIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ икIи зи лъэм тэмэму зэримыхьэ цIыкIухэри абыхэм зэрыщеджэным, зэрызыщагъэпсэхуным хуащIынущ.

Центрыр гъэмахуэми щIымахуэми лэжьэнущ икIи абы школакIуэхэр IэщIагъэхэм, гъуазджэм, спортым, естественнэ щIэныгъэхэм щыхуагъэсэнущ, техническэ творчествэм пыщIа лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ. Мыбы Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми щыщ сабийхэр къеклуэлIэнущ. ЩIэныгъэ пыухыкIахэм ятеухуа зэхуэгъэсыгъуэхэм хиубыдэу 6 - 10-нэ классхэм щыщ школакIуэу 500-м щIигъу гъэ къэс центрым щызэблэкIынущ. Ахэр къыхахынущ дэтхэнэ зыми иIэ ехъулIэныгъэхэм ятещIыхьауэ.

Проектыр гъэзэщIэным хэлэжьыхьащ Сочэ дэт «Сириус» центрыр, Бауманым и цIэр зэрихьэу Москва дэт Къэрал техническэ университетыр, Москва дэт физико-техническэ институтыр, республикэм и вузхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIыналъэ компание нэхъ иныу экономикэм технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп и IэнатIэхэм щылэжьэфынухэр гъэхьэзырыным гулъытэ хуэзыщIхэр.

КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумыкъу Iэуес зэрыжиIамкIэ, иджыпсту «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием «Антарес» центрым и математикэ зэхуэгъэсыгъуэр щолажьэ. Абы хэтщ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и муниципальнэ, щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуа школакIуэу 80.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» федеральнэ проектым хиубыдэу ящI мы центрыр хьэзыр хъумэ, зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэм я щIэныгъэм зэрыхагъахъуэри, абыхэм я зэфIэкIыр къагъэсэбэпыным хуэщIа Iэмалхэр къызэрызэрагъэпэщри зэрефIэкIуэнур.

КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэм къалэн щащIащ центрыр ухуэным пыщIа лэжьыгъэ псори ягъэува пIалъэм къриубыдэу зэфIагъэкIыну.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



# КъБР-м и Iэтащхьэм Правительствэмрэ районхэмрэ я унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ иригъэкIуэкIащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. республикэм и Правительствэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ управленэхэм, район администрацэхэм я унафэщIхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ социально-экономикэ Iуэхухэм. Абыхэм ящыщщ 2019 гъэм и япэ мазибгъум ди щIыналъэм и зыужьыкIэу щытар, КъБР-м и бюджетыр зэрагъэзэщIар, лъэпкъ проектхэмрэ программэ хэхахэмрэ гъэзэщIэным къыхуаутIыпща ахъшэр къызэрагъэсэбэпар.**

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Рахаев Б. М. зэрыжиIамкIэ, промышленностым и продукцэр а зэманым проценти 103,7-рэ хъуащ. Мэкъумэшыщ Iэхэм сом мелард 31,8-рэ и уасэ продукцэ къалэжьащ (проценти 103,1-рэ). Капитал нэхъыщхьэм къыхузэщIагъэуIуа инвестицэхэри нэгъабэ елъытауэ сом мелард 12-рэ мелуан 790-рэ хъууэ къабжащ.

КъБР-м и бюджет зэгуэтым и хэхъуэхэр сом мелард 28-м, хэщIхэр сом мелард 22-м щIигъуащ. Отчёт лъэхъэнэм ямыпшынужыну къаIэрыхьа хэхъуэхэр процент 18,2-кIэ, налог ахъшэр, апхуэдэу налогхэм химыубыдэ адрей ахъшэхэр проценти 6,8-кIэ нэхъыбэщ.

Хэхауэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ жылагъуэхэр зэIузэпэщ зэращIым, муниципальнэ гъуэгухэр зэрызэрагъэпэщыжым, 2019 гъэм хьэзыр ящIын хуей щэнхабзэ, спорт IуэхущIапIэу районхэм щаухуэхэр здынагъэсам, апхуэдэу псэупIэ-коммунальнэ комплексымрэ социальнэ инфраструктурэмрэ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым.

КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэмрэ район унафэщIхэмрэ я пщэ ирилъхьащ ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм я нэIэ трагъэтыну. «Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ псоми зэпымыууэ якIэлъыплъын, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхухэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэхэр и зэманым зэпкърыхын икIи дэгъэкIын зэрыхуейр зыщывгъэгъупщэ хъунукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Музейм иджыри сом мелуан 40-м щIигъу къыхущIагъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр зэфIагъэкIын папщIэ УФ-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу 2019 гъэм сом мелуан 43,8-рэ къиутIыпщынущ. Абы теухуа унафэр къытрадзащ Правительствэм и официальнэ порталым.

Ахъшэр трагъэкIуэдэнущ экспозицэм и иджырей системэ зэтегъэувэным, тхыдэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэр егъэфIэкIуэным.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Жэпуэгъуэм и 17,** *махуэку*

♦**Къулейсызыгъэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ**
♦**ЩIыхуэ зыт зэгухьэныгъэхэм я махуэщ**
♦**1740 гъэм** хыдзэлI, урысей флотым и офицер Беринг Витус и экспедицэм хэтхэм Петропавловск-Камчатский къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦**1902 гъэм** Детройт (США) къалэм къыщыщIагъэкIащ япэ «Кадиллак» автомобилыр.
♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ Къэрал Думэм и зэхуэс екIуэкIащ.
♦**1918 гъэм** дунейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпым и музей.
♦**1938 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ» медалхэр.
♦**1945 гъэм** СССР-м къыхагъэхьащ Кёнигсберг къалэр, абы къедза щIыналъэхэри щIыгъуу.
♦**1961 гъэм** Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ. 1992 гъэ пщIондэ абы зэреджэу щытар Съездхэм я Кремль Уардэунэ жиIэущ.
♦**1990 гъэм** «Внешторгбанк»-р къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту ар ВТБ банкырщ.
♦Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь, 1967 - 1976 гъэхэм СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Гречкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, усакIуэ, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 18,** *мэрем*

♦**Азербайджаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**
♦**США-м Аляскэм и махуэр щагъэлъапIэ.** 1867 гъэм Урысей империем Аляскэ хытIыгуныкъуэр США-м зэрырищам теухуа дэфтэрхэр зэIэпахащ.
♦**Перуджэ (Италие) щагъэлъапIэ шоколадым и махуэр**
♦**1723 гъэм** Пётр Езанэм Кронштадт быдапIэм и лъабжьэр игъэтIылъащ.
♦**1918 гъэм** Чехословакие республикэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1921 гъэм** Къырым АССР-р Урысейм хыхьэу къызэрызэрагъэпэщым теухуа декретыр къыдэкIащ. 1945 гъэм автономиер Къырым область хъуащ, 1954 гъэм Къырымыр Украинэм хагъэхьащ. Абы и автономиер 1991 гъэм зэфIагъэувэжащ, 2014 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыщыщIэдзауэ УФ-м и щIыналъэ хъужащ.
♦**1922 гъэм** Инджылызым и «Би-Би-Си» радиокомпаниер къызэрагъэпэщащ.
♦**1924 гъэм** СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищIащ къэралым ис псоми фэрэкIым зэребэн мастэ халъхьэным теухуауэ.
♦**1942 гъэм** нэмыцэдзэхэм къаувыхьауэ дыхьэпIи дэкIыпIи зимыIэ Ленинград къыщызэIуахащ Комиссаржевская Верэ и цIэр зезыхьэ театрыр.
♦**1944 гъэм** советыдзэхэр Чехословакием ихьащ къэралыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжыну.
♦**1967 гъэм** «Венера-4» совет хьэрш аппаратыр ЩIым нэхъ пэгъунэгъу дыдэ Венерэ планетэм тетIысхьащ.
♦**1990 гъэм** Ямало-Ненецкэ автономнэ округыр Тюмень областым къызэрыхэкIым теухуа унафэ къащтащ.
♦**1991 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и иужьрей зэIущIэр екIуэкIащ.
♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ «Политикэ залымыгъэ кIэлъызэрахьэу ягъэкIуэдахэм щIэбгъэкъуэншэн хабзэншагъэ зэрамылэжьар къэлъытэным теухуауэ» законым.
♦**2011 гъэм** Урысейм, Украинэм, Белоруссием, Къэзахъстаным, Армением, Къыргъызым, Молдавиемрэ Таджикистанымрэ Iэ щIадзащ СНГ-м хуиту сату щыщIыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.
♦Совет композитор, СССР-м и цIыхубэ артист **Захаров Владимир** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэу, политик Iэзэу, КъБР-м и япэ Президенту щыта **КIуэкIуэ Валерий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **ХьэцIыкIу Борис** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Урысей журналист, теленэтынхэр езыгъэкIуэкIыу щыта **Доренкэ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.
♦КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ, кинорежиссёр, сценарийхэр зытх **Жан-Клод Ван Дамм** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретару щыта, КъБР-м и Парламентым, УФ-м Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я ЩIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща **Гъурыжь Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей актёр цIэрыIуэ, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата **Безруков Сергей** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● **КъБР-м и Парламентым**

# Мусуков Алий Правительствэм и УнафэщI къулыкъур зэдэарэзыуэ иратыж

**КъБР-м и Парламентым жэпуэгъуэм и 15-м щекIуэкIа зэIущIэм депутатхэм Iэ щаIэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI къулыкъум ягъэувыну Мусуков Алий къызэрагъэлъэгъуам теухуауэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** жиIащ Мусуков Алий и Iуэху бгъэдыхьэкIэм псори зэрыщыгъуазэр икIи и зэфIэкIыр дяпэкIи республикэм и зыужьыныгъэм хуигъэщхьэпэну абы зэрыщыгугъыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и УнафэщI къулыкъур хуигъэфащэу къыгъэлъэгъуащ Мусуков Алий. Ар зымыцIыху къыткъым, нэхъ ипэкIэ зыпэрыта къэрал IэнатIэхэм жэуаплыныгъэ хэлъу, абы щыгъуэми ткIийуэ лэжьыгъэр иубзыхуфу зыкъигъэлъэгъуащ. ДызэреплъымкIэ, абы и зэфIэкIыр хуиунэтIыфынущ республикэм и зыужьыныгъэм. Абы къыхэкIыу тфIэкъабылт депутатхэм мы Iуэхур дэфIыгъыну», - жиIащ Къуэдзокъуэм.

**Мусуков Алий** псалъэ щратым, депутатхэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и еханэ хэхыгъуэм и лэжьыгъэм зэрыщIидзамкIэ, апхуэдэуи КъБР-м и Iэтащхьэм и дзыхь къригъэзу а IэнатIэр къызэрыхуигъэлъэгъуам папщIэ фIыщIэ зэрыхуищIыр къыхигъэщащ.

- Пэжыр жыпIэмэ, фIыуэ зыхызощIэ ар жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъуу зэрыщытыр икIи фыкъызогъэгугъэ ди мурадхэр къыдэхъулIэн щхьэкIэ си къарум семыблэжыну, - жиIащ Мусуковым. - Иджыблагъэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къэкIуэну илъэситхум ди щIыналъэм зэрызиужьыну программэр утыку кърихьащ. Абы, зэрыфщIэщи, лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ икIи республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэн нэхъыщхьэ хъун хуейщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр, республикэм и хэхъуэр нэхъыбэ щIыныр, шынагъуэншагъэмрэ хабзэмрэ къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

Мусуковым жиIащ УФ-м и Президентым иубзыхуа лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным гулъытэ хэха зэрыхуащIынур. ЩIыналъэм и экономикэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэм нэмыщI, абы къыхигъэщащ цIыхухэм къэралыр зэрадэIэпыкъуми я нэIэ трагъэтын зэрыхуейр. «КъБР-м и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрыр унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ иужь итщ, къэралым адрей и щIыналъэхэм елъытауэ. Абы щыгъуэми и промышленностымкIэ, мэкъумэш IэнатIэмкIэ, туризмэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъэгъуэфыну Iэмал иIэщ, - жиIащ Мусуковым. - Абы къыхэкIыу республикэм и Правительствэр хэплъэжын хуей хъуащ социально-экономикэ зыужьыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ программэм. Псом хуэмыдэу щIыналъэм къыщIигъэкIыр нэхъыбэ зэрищIынур абы къыщылъытащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, щIыналъэм и IэнатIэ псори къызэщIиубыдэу программэ 25-м долэжь. Ди гугъэщ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ а къалэн мытыншхэм зэгъусэу пэлъэщыну».

Депутатхэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ къэпсэлъам. Депутат **Пономаренкэ Роман** щIэупщIащ зи гугъу ящI пIалъэм къриубыдэу республикэм и хэхъуэр зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэр зыхуэдэм, лэжьыгъэ IэнатIэ мин 12-м нэблагъэ къызэрагъэпэщыну зэрытраухуэм.



- КъБР-м и Iэтащхьэм иубзыхуа лэжьыгъэр зэдгъэхъулIэныр - ар псом хуэмыдэу 2025 гъэм ирихьэлIэу щIыналъэм къыщIигъэкIым хуэдитIкIэ хэгъэхъуэнымрэ лэжьыгъэ IэнатIэщIэхэр къызэIухынымрэ епхащи - тыншу уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэми, тхузэфIэмыкIын хэлъу къыщIэкIынкъым, - къыхигъэщащ Мусуков Алий. - Абы щхьэкIэ, псалъэм папщIэ, 2022 гъэм ирихьэлIэу республикэм къыщалэжь псоми проценти 10-кIэ хэдгъэхъуэн хуейщ. Мыбдеж куэдкIэ ущыгугъ хъунущ республикэм и промышленностым. Ар проценти 2,3-кIэ хэдгъэхъуэну тхузэфIэкIмэ, 2025 гъэм ирихьэлIэу а IэнатIэм къыщIигъэкIыр сом меларди 150-м нэдгъэсыфынущ. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ электроэнергетикэм зэрызедгъэужьым, абы бюджетым къыхуихь налогым. Мэкъумэш IэнатIэм и гугъу пщIымэ, сэ сызэреплъымкIэ, иджыпсту дызэрыхуейм хуэдэ дыдэу абы зиужьыркъым. Аращи, 2025 гъэм ирихьэлIэу хуэди 2,5-кIэ хэдгъэхъуэн хуейщ абы къыщIигъэкIым. Апхуэдэуи экономикэм и хэхъуэр зыIэтыфыну Iэмалхэм ящыщщ туризмэр. Абы и лъэныкъуэкIэ тщIапхъэр зэфIэдгъэкIмэ, республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр 2025 гъэм ирихьэлIэу цIыху мелуанрэ ныкъуэм илъэсым тхунэгъэсынущ. Дауи, апхуэдэ мурадхэр къыдэхъулIэныр епхауэ щытынущ инвестицэ Iуэхухэми. Шэч хэмылъу, а Iэмалхэр псори сэбэп хуэхъунущ IэнатIэщIэхэр къызэIуха хъунми.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** лъэпкъ щэнхабзэхэмрэ анэдэлъхубзэхэмрэ хъума зэрыхъунум къыщытеувыIэм, къыхигъэщащ мы зэманым школакIуэ псоми пщIэншэу зэрырамытыр зэреджэну тхылъхэр икIи щIэупщIащ абы хэкIыпIэу къыхуагъэутыфынум. Мусуковым жиIащ илъэс куэд хъуауэ ныбжьыщIэхэр пщIэншэу учебникхэмкIэ къызэрагъэпэщыныр проценти 100-м зэрахунэмыгъэсыр, ауэ нэгъабэ ар процент 91-кIэ зэрагъэзэщIар. АрщхьэкIэ 2019 гъэм зэреджэну тхылъхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуам гугъуехьхэр къиишэжащ икIи процент 50-м щIигъукIэ къызэрагъэпэщыфауэ аращ.

- КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ мы гъэм сом мелуани 180-рэ хухэтхащ тхылъхэр къэщэхуным. АхъшэмкIэ тхылъыщIэ мин 430-рэ зэрагъэпэщащ, анэдэлъхубзэхэмкIэ учебникхэри хэту (мин 47-рэ). Ауэ, зэрыжыфIауэ, диIэщ иджыри гугъуехьхэр, абыхэм делэжьын хуейщ, - къыхигъэщащ Мусуковым.

Депутатхэм я упщIэхэр теухуауэ щытащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм, туризмэм, щIыналъэ телевиденэр спутник Iэмалым зэрыхагъэхьэным, нэгъуэщIхэми. Дэтхэнэми и упщIэм Мусуков Алий жэуап иритащ. КъыкIэлъыкIуэу депутатхэм зэIухауэ Iэ яIэтащ икIи псори зэдэарэзыуэ абы хуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI къулыкъур.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** Мусуковым ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ иIэу лэжьэну.

Мусуков Алий депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ, пщIэ зыпылъ IэнатIэ дзыхь къызэрыхуащIым папщIэ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм депутатхэм Iэ яIэтащ Шэджэм районым и суд IуэхущIапIэ №3-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу **КIагуэ Джульеттэ**, Аруан суд IуэхущIапIэ №3-м - **Лъэпщокъуэ Хъусен** ягъэкIуэным теухуауэ. Апхуэдэуи и депутат къалэнхэр щхьэщахащ Къанокъуэ Арсен, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым республикэм къыбгъэдэкIыу зэрыхагъэхьам къыхэкIыу.

КъБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым хагъэхьащ Ксанаевэ Еленэ (ар иужькIэ абы и унафэщIу ягъэуващ), УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ комитетым - Кебеков Владимир, Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ, Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетхэм - Парафилов Дмитрий.

Депутатхэр япэ еджэгъуэу хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ IэнатIэм щыIэ и щхьэхуэныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр гъэбелджылыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектым.

КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Лисун Еленэ** тепсэлъыхьащ щIыналъэ бюджетыр 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэзэщIам.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, зи гугъу ящI пIалъэм республикэм и хэхъуэр сом мелард 15,6-рэ хъуащ, къигъэсэбэпар - сом мелард 14,6-рэ. Профицитыр сом мелуан 970,5-рэ хъурти, ар къэрал щIыхуэр гъэмэщIэным хуаутIыпщащ (2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу сом меларди 8,6-рэ мэхъу). Налогымрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ процент 49-кIэ ягъэзэщIащ (сом меларди 5,7-рэ).

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЩIэблэ зыщIэмыхъуэр лъэпкъ хъуркъым.**




# Мэкъумэш лэжьакIуэ пэрытхэр ягъэлъапIэ

**Бахъсэн районым и бизнес инкубаторым иджыблагъэ щекIуэкIащ мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэм и махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхыхьэр. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм я лIыкIуэхэр, хабзэхъумэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, мэкъумэш IэнатIэм и ветеранхэр, районым и мэкъумэшыщIэ пашэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ район администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур. «Мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэр фермэхэмрэ губгъуэхэмрэ щылажьэхэм, IэнатIэм и унафэщIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ, фермер хозяйствэхэр зезыхьэхэм - къэралыр ерыскъыкIэ къызэзыгъэпэщ псоми я дежкIэ пIалъэ гуфIэгъуэщ», - жиIащ абы.

Бахъсэн районым и дежкIэ мэкъумэш хозяйствэр IэнатIэ нэхъыщхьэщ икIи цIыху куэдым я гуащIэр абы етащ, я хъерми и хэкIыпIэщ. Аращ абы экономикэм и мызакъуэу, къуажэдэсхэм я социальнэ гъащIэм и дежкIи мыхьэнэшхуэ щIиIэр.

Мы бжьыхьэм гъавэр зэрыIуахыжым, мэкъумэшыщIэхэм яIэ ехъулIэныгъэхэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ районым мэкъумэш хозяйствэмкIэ, ерыскъыпхъэмрэ щIы Iуэхухэмрэ и управленэм и унафэщI Къаскъул Хьэмидбий. Абы зэрыжиIамкIэ, псори зэхэту районым гъавэр гектар мин 32-м щIигъум щызэрахьащ. Нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIар бжьыхьэсэ гуэдзыр, нартыхур, сэхураныр, кIэртIофыр, хадэхэкIхэр, Iусыпхъэ къэкIыгъэхэр гъэкIынырщ. Апхуэдэу районым мыхьэнэшхуэ щиIэщ иджырей жыг хадэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ. Псори зэхэту пасэу къызыпыкIэ жыг хадэу мыбы щыIэщ гектар 2200-рэ.

Иужьрей илъэсищым хуабжьу ехъулIэныгъэшхуэхэр яIэщ Iэщыхъуэхэми. Хозяйствэхэм былыму мин 39-м нэблагъэ щагъэхъу. Абыхэм ящыщу жэм къашхэр мин 16-м щIегъу.

Псалъэ гуапэхэмкIэ районым и мэкъумэшыщIэхэм захуигъэзащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур. «Бахъсэн районым и мэкъумэшыщIэхэр сытым дежи егугъуныгъэрэ Iэзагъэрэ къыхэщу йокIуэкI. Дэ хуабжьу ди гуапэ хъуащ нобэрей фи зэхыхьэ хьэлэмэтым дыкъызэревгъэблэгъар икIи фи ехъулIэныгъэхэм щыгъуазэ дызэрыфщIар» - жиIащ абы.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

# «Кавказым мамырыгъэ щыIэну» проектым хэтхэр КъБКъУ-м щагъэхьэщIэ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым жэпуэгъуэм и 10-м щыхьэщIащ Ипщэ федеральнэ университетым (ИФУ) и студентхэм къызэрагъэпэщауэ Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкI автомобиль къызэдэжэм хэтхэр. АбыкIэ хъыбар къыдигъэщIащ еджапIэ нэхъыщхьэм и пресс-IуэхущIапIэм.**

«КАВКАЗЫМ мамырыгъэ щыIэну» проектым и зы Iыхьэщ а зэхьэзэхуэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, мы Iуэхур Ипщэ федеральнэ университетым илъэсипщI хъуауэ зэригъэкIуэкIыр, щIалэгъуалэр хэкупсэу, хабзэ яхэлъу къагъэтэджын папщIэ.

Кавказыр яфIэгъэщIэгъуэну унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм щIэс студент гупым я тхьэмадэ, ИФУ-м социологиемрэ щIыналъэр джынымкIэ и институтым и унафэщI Бедрик Андрей гуапэу къазэрыIущIам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ бысымхэм, аргуэру ди щIыпIэм къеблэгъэну зэригуапэри жиIащ.

- Ди университетхэр илъэс куэд щIауэ зэдолажьэ. Лъэныкъуэ куэдкIэ зэгъусэу къэхутэныгъэхэр идогъэкIуэкI, нэхъыбэу дджыри Кавказым и тхыдэмрэ абы щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я зэхущытыкIэмрэщ. «Кавказым мамырыгъэ щыIэну» проектым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лIыкIуэхэри ныхохьэ ди деж щIэхщIэхыурэ щедгъэкIуэкI Iуэхухэм. Дэ ди гуапэщ Налшык дыкъэкIуэну, ди лэжьыгъэхэр мыбы утыку щитхьэну Iэмал дызэриIэр, - жиIащ Бедрик Андрей.

АдэкIэ абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ къызытекIухьа проектым и тхыдэм, абы и зэхэлъыкIэмрэ гъэзэщIа зэрыхъумрэ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм ит еджапIэ нэхъыщхьэ 11-м я щIалэгъуалэ, лэжьакIуэ куэд Iуэхум зэрыхэтыр, апхуэдэу хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къазэрыдэлажьэр.

«Кавказым мамырыгъэ щыIэну» проектым автомобилкIэ къызэдэжэм и мызакъуэу хэтщ щIалэгъуалэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ гъэмахуэ школ, апхуэдэу конференц зэхуэмыдэхэри. Форумым кърикIуахэм щэкIуэгъуэм и 12-13-хэм хэплъэжынущ.

ХьэщIэхэм презентацэр ягъэлъэгъуа нэужь, КъБКъУ-м и студентхэм социологие, щэнхабзэ къэхутэныгъэхэм теухуа псалъэмакъхэр драгъэкIуэкIащ. Абы къищынэмыщIауэ, терроризмэм и идеологием пэщIэтыным теухуауи епсэлъылIащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



# Мэлыхъуэ Мухьэмэд Нэхъупщ и къуэр



Куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь дунейм ехыжащ Мэлыхъуэ Мухьэмэд Нэхъупщ и къуэр.

Ар 1945 гъэм фокIадэм и 1-м Бахъсэн районым щыщ Къызбрун ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык дэта «Севкавэлектроприбор» заводым рабочэу лэжьэн щыщIидзащ. 1969 гъэм и фокIадэ мазэм щегъэжьауэ 1979 гъэм и гъатхэпэм нэсыху Бахъсэн къалэм дэт «Автозапчасть» заводым техническэ къэпщытэныгъэмкIэ и къудамэм и мастеру, сменэм и мастеру, продукцэр щызэпкъралъхьэ, щызэпагъавэ участкэм и мастер нэхъыжьу, а IэнатIэ дыдэм и унафэщIу щытащ. ИужькIэ зэман кIэщIкIэ Налшык и «Къэббалъкъремзбыттехникэ» зэгухьэныгъэмрэ вольт лъагэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI заводымрэ щылэжьащ. 1980 гъэм «Автозапчасть» заводым продукцэр щызэпкъралъхьэ, щызэпагъавэ и участкэм и унафэщIу игъэзэжри, а IэнатIэр 1987 гъэм нэсыху ирихьэкIащ. ИужькIэ Бахъсэн дэт производствэ комбинатым и унафэщIу ягъэкIуащ.

1988 гъэм и мэкъуауэгъуэм Мэлыхъуэ Мухьэмэд «Автозапчасть» заводым и унафэщIу хахри, а къулыкъур 1997 гъэм и мазаем нэсыху иIыгъащ. 1997 - 2002 гъэхэм Мэлыхъуэ Мухьэмэд Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэу щытащ. 2002 гъэм и фокIадэ мазэм «Къэббалъкъмэкъумэштехникэ» акционер зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэу ягъэуващ, 2003 гъэм и мэлыжьыхьым щегъэжьауэ 2010 гъэм и дыгъэгъазэм нэсыху «Къэббалъкъмелиоводхоз» управленэ» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIу лэжьащ.

Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, Мэлыхъуэ Мухьэмэд зи IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ, жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ цIыхуу, промышленностым и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, унафэщI губзыгъэу зыкъигъэлъэгъуащ.

Мэлыхъуэ Мухьэмэд Нэхъупщ и къуэр жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру хэтащ. Ар мызэу КПСС-м и обкомым, райкомым хагъэхьащ, КъБР-м и Парламентым, Бахъсэн район советым, Бахъсэн къалэ советым я депутату хахащ.

Апхуэдэ егугъуныгъэмрэ емызэшыж лэжьыгъэмрэ яхуэфэщэн пщIэ ягъуэтащ. Абы Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэ орденыр, медаль куэд къыхуагъэфэщащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр кърататащ, «РСФСР-м щIыхь зиIэ и машинэухуакIуэ» цIэр къыфIащащ.

Ныбжьэгъу пэжу, гулъытэ зыхэлъ унафэщIу, унагъуэлI нэсу дунейм тета Мэлыхъуэ Мухьэмэд Нэхъупщ и къуэр зэи ящыгъупщэнкъым абы дэлэжьахэм, зыцIыхуу щытахэм.

**Балъкъыз А. Хь., Сэбан Р. К., Ахъуэбэч А. Н., Къэзан З. Н., Ует А. З., БешкIур А. Т., ПщыукI М. С., Тохъутэмыщ М. З., Къаскъул Хь. Къ., Вындыжь А. Хь., Абазэ А. Ц., Къаздэхъу О. Гъу.**

● Тэрч щIыналъэ

# И зэфIэкIыр ирехьэлIэ

**Интернацональнэ жылагъуэм щыIэ мэкъумэш-фермер хозяйствэм и зэфIэкI псори ирехьэлIэ Iэщ лъэпкъыфIхэр зэригъэбэгъуэным.**

МЫ ЗЭМАНЫМ IуэхущIапIэм жэм къашу 100-м щIигъу иIэщ. Шэ къашагъащIэр районым ит еджапIэ IэнатIэхэм ирагъашэ. Iэщхэм щIымахуэр щрахыну бохэр зыхуей хуагъэзащ, Iусыпхъэу, мэкъумылэу, силосу зыхуеинум хуэдиз ягъэтIылъащ, щIыми зэрытелэжьыхьым и фIыгъэкIэ. Хозяйствэр ящыщщ робот къэгъэсэбэпыным хуэкIуэным теухуауэ къэрал субсидиехэр тынымкIэ яубла зэхьэзэхуэхэм хэтыну ягъэлъэгъуахэм. Я мурадхэр къайхъулIэмэ, мэкъумэш-промышленнэ щапхъэм тету лэжьэну Iэмал ягъуэтынущ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

● ТхылъыщIэ

# Хэку зауэшхуэм теухуауэ




**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Не склонившие головы. 115-я Кабардино-Балкарская кавалерийская дивизия» тхылъыр. Ар къыдигъэкIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор Бакъ Зерэ, ЕхъулIэ Къантемыр и «Воздай почёт» проектым хыхьэу.**

ТХЫЛЪЫМ щызэхуэхьэсыжащ Хэку зауэшхуэм и зэманым 115-нэ шуудзэм хэтахэм ятеухуа очеркхэр, газетхэм къытехуа тхыгъэхэр, ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм я фэеплъыр щIалэгъуалэм зэрахъумэр къыщыгъэлъэгъуэжахэр щIыгъуу.

Тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэм тхыдэ напэкIуэцIхэм зэрызыхуагъазэ етIуанэ къыдэкIыгъуэщ мы лэжьыгъэр. 2019 гъэм и гъэмахуэм дунейм къытехьащ Темукуев Борис и «Отдельная 115-я кавалерийская дивизия. Безвозвратные потери» тхылъыр.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**




● Прохладнэ щIыналъэ

# Къалэр ягъэдахэ

**«ПсэупIэ унэхэмрэ къалэм и теплъэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Прохладнэ къалэм и зыгъэпсэхупIэ паркым и утыкумрэ и лъэс зекIуапIэмрэ иджыблагъэ зыхуей хуагъэзащ: жьы хъуа асфальтымрэ къэухьхэмрэ яхъуэжащ, тетIысхьэпIэ дахэхэр ягъэуващ.**

ПСЭУПIЭ-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм япэу яутIыпщащ утыкум и курыкупсэм хуэзэу щаухуа псыутхыр. Абы и лъащIэр блыуэ зэхэт плъыфэхэмкIэ къагъэнэху. Фонтаным къриутхыкI псыр фэзэхъуэкIщ, я лъагагъкIи зэхуэмыдэу.

Мы илъэсыр и кIэм нэблэгъэху Прохладнэ къалэм и «Дружба» микрорайоным и утыкури ягъэдэхэнущ. КъалэдэсхэР щогуфIыкI абдежми псыутх зэрыщаухуэнум.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Банк Iуэху

# Картэ мини 141-м щIигъу

**«Россельхозбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм 2019 гъэм ахъшэ зэрырат картэ 7000 къыдигъэкIащ. Псори зэхэту бжыгъэр мини 141-м щIигъуащ. Улахуэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуащIэ IуэхущIапIи 194-м я нэхъыбэр бюджет IэнатIэхэрщ.**

БАНКЫМ ирегъэфIакIуэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэфIах Iэмэпсымэхэр. ИджыкIэ республикэм щолажьэ банкомат 34-рэ, ахъшэ щыхалъхьэ терминал 16. Сату IуэхущIапIэхэм щагъэуващ POS-терминал 20-м щIигъу. ЦIыхухэм зыри щхьэщамытыкIыу ахъшэр къыщыхах хъунущ РСХБ-м къыдэлажьэ «Альфа-банк», «Райффайзенбанк», «Росбанк», «Промсвязьбанк» IуэхущIапIэхэм я банкоматхэм.

«Россельхозбанк»-м и картэр «Урожай» программэм пыпщIэмэ, хьэпшыпхэм, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр щепткIэ бонусхэр къыпхуокIуэ. Апхуэдэуи улахуэр къазэрыIэрыхьэ картэхэр зыIыгъхэм банкым щIыхуэ къыщащтэфынущ льготэ яIэу», - жеIэ «Россельхозбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэ Ходовэ Альбинэ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

«Фыкъеблагъэ Адыгэ хэкум!» - жаIэ «Налмэс» академическэ къэфакIуэ гупым хэтхэм.



# Бзэр дэзыгъащIэр Тхьэм иузэщI

● Щапхъэ

**Анэдэлъхубзэр яIурылъу, ар фIыуэ ялъагъуу сабийр къэгъэтэджыныр къалэнышхуэщ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а лъэпкъ Iуэхум уелэжьу лъэпкъыбзэр ебгъэджынри, ипэжыпIэкIэ, щIыхь зыпылъ IэщIагъэщ. Лосэн (Шэмпар) Хьэужан Сэфарбий и пхъум и гъащIэр зыхуэгъэпсар анэдэлъхубзэм и лъапIэныгъэхэм ныбжьыщIэхэр щIэпIыкIынырщ, абыхэм цIыху нэс, акъылыфIэ къищIыкIынырщ. Илъэс 30-м щIигъуауэ ар щолажьэ Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №6-м.**



ХЬЭУЖАН Джэрпэджэж къуажэм къыщалъхуащ. Унагъуэр Дохъушыкъуей (Старэ Шэрэдж) къэIэпхъуа нэужь, хъыджэбз цIыкIур а жылэм дэт школым щIэтIысхьащ икIи ар 1973 гъэм фIы дыдэу къиухащ. Анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъу къэтэджа пщащэм зыхуеджэну IэщIагъэр къыхихагъэххэт абы ирихьэлIэу. АбыкIэ Хьэужан щапхъэ къыхуэхъуауэ къелъытэ и анэдэлъхухэу, КъБКъУ-м и щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Къарэхэ Зырамыкурэ Борисрэ, адыгэбзэр илъэс куэдкIэ щIэблэм езыгъэджа и анэ шыпхъу, егъэджакIуэ-методисту лэжьа Къарэ Ленэ сымэ. Пщащэ цIыкIур куэдрэ кIэлъыплъырт абыхэм я лэжьэкIэм, ехъуапсэрт ахэр еджакIуэхэм зэрахэтым, илъагъурт къыдэлажьэхэм къыхуащI пщIэр, езыхэм я IэщIагъэм хуаIэ лъагъуныгъэр. Ахэр и щапхъэу, и гъуэгугъэлъагъуэу Хьэужан школ нэужьым щIэтIысхьащ КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм.

Студент гъащIэр щызу, купщIафIэу езыхьэкIахэм ящыщащ Хьэужан. Еджэным зэрыщыпашэм къыдэкIуэу, ар хуэжыджэрт университетым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэми. Абы къыщызэрагъэпэщ зэпеуэхэм, щIэныгъэ зэхуэсхэм, щэнхабзэ, гъуазджэ зэхыхьэхэм я утыку куэдрэ ихьащ. Хьэужан игу къызэригъэкIыжымкIэ, а лъэхъэнэм ди университетым щезыгъаджэу щытахэу АбытIэ Мухьэб, Урыс Хьэталий, ХьэкIуащэ Андрей, Нало Ахьмэдхъан, Гъут Iэдэм сымэ куэдкIэ я фIыгъэщ щIэныгъэ куу зэрызригъэгъуэтар.

- Зи анэдэлъхубзэм, лъэпкъым хуэпэж, фIыуэ зылъагъу а цIыху щэджащэхэм сызэрырагъэджар си напщIэ телъщ, - жеIэ абы. - А еджагъэшхуэхэм щIэныгъэфI къызэрыдбгъэдалъхьам нэмыщI, адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ яхудиIэ лъагъуныгъэми хагъэхъуащ. Абы и щыхьэтщ сэ къыздеджахэм ящыщ куэд адыгэбзэм зэрырилажьэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, адыгэбзэр зэрагъэлажьэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Бэрбэч Борис, ДыщэкI Ритэ, Мыкъуэжь Анатолэ, ТIымыжь Хьэмыщэ, Шэру Нинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ФIыуэ илъагъу IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэту, унагъуэ дахи хъужа нэужь, Хьэужан егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыхьащ. ЕгъэджакIуэу зэрылажьэрэ куэд щIами, абы зэи къыIэщIэужагъуэркъым и IэщIагъэр. Ар дапщэщи хущIокъу лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхур нэхъусаныгъэншэу зэрызэфIихыным. Лосэным зэрыжиIэщи, егъэджакIуэфIу ущытын папщIэ, уи предметым кууэ хэпщIыкIыныр мащIэщ, атIэ уи лэжьыгъэр зэребгъэфIэкIуэным ухущIэкъуу, егъэджэныгъэм къыхыхьэ мардэщIэхэр абы къыщыбгъэсэбэпыфу ущытын хуейщ. Зэманым декIуу улэжьэн, лъэхъэнэм хуэкIуэ щIэблэ бгъэсэн папщIэ, апхуэдэ жыджэрагъ хэлъыпхъэщ егъэджакIуэ нэсым.

- Си IэнатIэм ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу щызиIэр анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъуу къэтэдж еджакIуэ цIыкIухэрщ. Ахэр гуфIэу, си урокхэр, адыгэбзэр ягу къэкIауэ жаIэу IэплIэ къыщысхуащIкIэ, дуней псор сэращ зейр, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь Хьэужан. - Мы еджапIэм щхьэкIэ «урыс школ» жаIэу щытащ нэхъапэм, сыхьэт бжыгъэуи адыгэбзэм щыхухахыр мащIэ дыдэт. Апхуэдэу щытми, анэдэлъхубзэм гулъытэшхуэ щигъуэт адрей курыт школхэм закъыкIэрыдмыгъэхуу дылажьэрт сэри си гъусэу адыгэбзэр езыгъэджхэри. Къыщыхъу щыIэт тхьэмахуэ зэхуакум урок зэIухауэ е классщIыб лэжьыгъэу зытIущ щедгъэкIуэкI. Иджырей зэманым хуэдэу, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэхэм папщIэ балл гуэри къытхущIагъуртэкъым, атIэми ди гур хигъахъуэрт, ди лъэр нэхъри жан ищIырт ди гъэсэнхэм адыгэбзэр яфIэфIу, абы и IэфIагъыр псэкIэ зыхащIэу къызэрыхъум.

Лосэным зэрыжиIэжымкIэ, «урыс школкIэ» еджэми, еджапIэм куэдрэ Iуэхугъуэ инхэр щызэхишэрт адыгэбзэр езыгъэджхэм я методист нэхъыщхьэу а лъэхъэнэм лэжьа КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий. Школым и унафэщIхэми егъэджакIуэхэми а пашэм къахуищI дзыхьыр ягъэпэжу, зэпеуэ ятырт дерс зэIухахэр, къызэрагъэпэщырт КВН-хэр, адыгэбзэкIэ ягъэува театр теплъэгъуэ цIыкIухэр утыку ирахьэрт.

Апхуэдэущ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэр ноби зэрылажьэр. Ар хущIокъу и дерсхэр купщIафIэу икIи хьэлэмэту, щIэщыгъуэу икIи гукъинэу зэриухуэным, и лэжьыгъэми къыщегъэсэбэп егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ методикэм къыхыхьэ IэмалыщIэхэр. Хьэужани и гъэсэнхэри жыджэру хэтщ районым, республикэм адыгэбзэмкIэ къыщызэрагъэпэщ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм я утыку Хьэужан щигъэлъагъуэ лэжьыгъэр купщIафIэщ, екIущ, щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэзылъхьэщ.

- Лъосэн Хьэужан ди щIыналъэм адыгэбзэр щезыгъэджхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ. ЕгъэджакIуэм иригъэкIуэкI дэтхэнэ дерсми нэрылъагъу къыпщещI абы и Iуэху зехьэкIэр хьэлэмэту, адрейхэм емыщхьу зэрыщытыр, - жеIэ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Табыщ Мурат. - Хьэужан зэхуэдэу IэкIуэлъакIуэу дерсым къыщегъэсэбэп егъэджэныгъэ программэм къигъэув мардэхэри, ныбжьыщIэхэм я гупсысэм, дуней еплъыкIэм зезыгъэужь творческэ лэжьыгъэхэри. Ахэр зэпэщу, никъусаныгъэншэу зэхэухуэнэныр зыхулъэкIыр Iэзагъ лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэрщ.

ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм зы щIэблэкъым гъащIэм гъуэгу захуэ щытригъэувар. И гъэсэнхэм ящыщ дэтхэнэми езым и псэ къабзагъэмрэ гу хуабагъэмрэ ящыщ хилъхьэфащ абы. Хьэужан и еджакIуэ цIыкIухэм куэду яхэтщ я унэтIакIуэм и чэнджэщкIэ зыхэта зэпеуэм къыщахьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм къапэкIуауэ фIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэр. Апхуэдэхэщ Лыкъуэ Жаннэ, Бещто Зурианнэ, Алэкъул Сэлим, Сэбаншы Миланэ, Аргъэщокъуэ Алинэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Лосэным и мащIэкъым езым бзэм хуиIэ лъагъуныгъэр псэкIэ зыхэзыщIэу и лъэужьым ирикIуа ныбжьыщIэхэри. Абы къегъэлъагъуэ егъэджакIуэм и лэжьыгъэр псыхэкIуадэ зэрымыхъур, апхуэдэуи адыгэбзэр нэхъ кууэ зыджыну хуей куэд щIэблэм зэрахэтри наIуэ къэщI.

ФIыуэ лажьэм и пщIэри и щIыхьри лъагэщ. Абы зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Бахъсэн районым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

«Бзэр дэзыгъащIэр Тхьэм иузэщI, Дунейм и фIыгъуэм щремыщIэ», - щыжиIэгъащ КIыщокъуэ Алим и «Псалъэ» усэм. А сатырхэр яхуэфащэ дыдэщ анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэщIэным зи гъащIэри гуащIэри тыхь хуэзыщI IэщIагъэлI минхэм. Лосэн Хьэужан Сэфарбий и пхъур апхуэдэхэм ящыщщ. Зи лэжьыгъэр хьэлэлу езыхьэкI егъэджакIуэ Iэзэм дохъуэхъу гъащIэм щыгуфIыкIыу, и IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр щиIэу куэдрэ псэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Зэзыгъэзэхуэж

Мы гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыдэдгъэкIа 124-нэ номерым и 2-нэ напэкIуэцIым ит «АЛЖИР» гъэрэщым исахэм языхэз» тхыгъэм щыуагъэ дгъэкIуащ. Пщыбий Хутэ и сурэтым кIэщIэт тхыгъэм къызэреджэн хуейр мыпхуэдэущ: «Пщыбий Хутэ Хъанджэрий и пхъур».

Ди щIэджыкIакIуэхэм, псом хуэмыдэу тхыгъэр зытеухуам и Iыхьлыхэм, къытхуагъэгъуну долъэIу.

*«Адыгэ псалъэ».*

# Къэфэным къыхуалъхуа, цIыху телъыджэ Дашу Хьэшыр 90




## ЗыкъыфIэщIыжын жыхуэпIэр и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым

**Япэрауэ, Дашу Хьэшыр цIыху къекIуу, нэсри къэсыжауэ адыгэ щIалэщ, зыхужаIэм хуэдэу щытащ. ЕтIуанэрауэ, цIыхуфI дыдэт, зэчиифIэми, зыкъыфIэщIыжын жыхуэпIэр и хьэлым хэлътэкъым. Ещанэрауэ, ар къызыхуалъхуар къэфэнырт. А псори зэхэслъхьэжауэ, сэ Хьэшыр пщIэ, дзыхь хуэсщIырт.**

«КАБАРДИНКА» къэфакIуэ ансамблыр къызэдгъэпэща нэужь, апхуэдэ гуп яIэну хуейуэ ди ужьым къиуват гъунэгъу республикэхэм щыщ куэд - Къэрэшей-Шэрджэсыр, Адыгейр, Осетие Ищхъэрэр, Шэшэн-Ингушыр, нэгъуэщIхэри. КIэщIкIэ къипсэлъыкIащ Адыгэ Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, ансамбль къызэрагъэпэщынути, ар зыгъэсэфын балетмейстер яхуэдгъэкIуэну къыдэлъэIуу. И зэфIэкIкIи, и цIыхугъэкIи утеукIытыхьынутэкъым Дашум. ИлъэситIкIэ щыIащ ар Адыгейм. Ансамбль яхузэфIигъэувауэ къэкIуэжат.

Пхужымыгъэным хуэдизу Хьэшыр хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ди лъэпкъ гъуазджэм зиужьыным. Гуаэшхуэщ ар пасэу, и къару илъыгъуэу дунейм зэрехыжар.

**ЕФЭНДЫ Джылахъстэн,**
*КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта, Налшык Адыгэ Хасэм щIыхь зиIэ и тхьэмадэ.*

## Ныбжьэгъу пэж

**Ухуэнысгъэм сыхэту Налшык сыщылажьэу (1956 гъэм), ди благъэ щIалэм уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым сишат, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур щагъэлъапIэкIэ Москва зэрызыкъыщагъэлъэгъуэнум зэрызыхуагъэхьэзырым сригъэплъыну. Хьэшыр ансамблым и балетмейстерти, сыкъызэрыфэфыр игъэунэхуну щыжраIэм, къызэплъащ. Игуми срихьауэ къыщIэкIынт, гупым и унафэщI Мыд Хьэжмусэ и пэшым сыщIишэу, я гъусэу къэралым и къалащхьэм сыкIуэну къыщызжиIакIэ... Апхуэдэут сэ Хьэшыр къызэрысцIыхуар.**

ИЛЪЭС бжыгъэкIэ дызэдэлэжьащ Дашумрэ сэрэ, зэгъусэу Iэджэрэ дыкъэфащ, щIыпIэ куэдым дыздэщыIащ. Балетмейстер IэщIагъэм Ленинград щыхуеджэу къэкIуэжа иужь, къафэ зыбжанэ абы игъэуващ. «Кабардинка»-м щыщымылэжьэжми, къакIуэурэ ди зэфIэкIхэм кIэлъыплъырт, къыддэIэпыкъурт, чэнджэщ щхьэпэхэр къыдитырт.

Егъэлеяуэ цIыхуфIт, гушыIэшхуэ хэлът, псори фIыуэ илъагъурт, езыми удихьэхыфырт. Зэи зыщысхьыжакъым ар. Емызэшыжу лэжьащ. Махуэшхуэхэм деж стадионым е Налшык и утыкухэм цIыхушхуэ щызэхуэсырт. Республикэм и районхэм къикIырт къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр. Ахэр зэкIэлъыкIуэу, дахэу утыкум къигъэхьэныр зи пщэ къыдэхуэр Хьэшырт. Зэгуэрым уэшхыр къежэхыу абы игъэхьэзыращ апхуэдэ зы махуэшхуэ, нэхъыфIу зэхахын, езыми псори илъагъун папщIэ автобусым и щхьэм тету унафэ къахуищIу, абы дэ дыдэIэпыкъуу. Лей зытригъэхьар, щIыIэ зыхигъэхьар пцIы къыщIэкIынтэкъым, куэд мыщIэуи и щIыбымкIэ зы IэгупIэ зэрыузым игъэтхьэусыхэу хуежьащ. Зыкъомрэ къыфIэIуэхуакъым, дохутырым щыкIуам къахутащ абы и тхьэмбылым лыш узыр къызэрыхыхьар. Операци ящIащ, и узыншагъэр тIэкIуи зэфIэувэжа хуэдэуи къытщыхъуат, арщхьэкIэ а уз бзаджэм Хьэшыр жыжьэ нигъэсакъым.

Апхуэдэуи сщыгъупщэркъым ар гушыIэрейуэ, гум дыхьэу дыхьэшхыу зэрыщытар. ПщIэшхуэ хуэсщIырт езыми, къэзылъхуа и адэ-анэми, и щхьэгъусэми. Куэдрэ абыхэм я деж сыщыхьэщIати, гуапагъэу ядэслъэгъуар пхужымыIэным хуэдизщ.

**СОТТАЕВ Къанщауэ,**
*КъБР-м и цIыхубэ артист.*
*2009 гъэ*

## Зэи тщыгъупщэ хъунукъым

**«Кабардинка»-м и тхыдэм къыхэна, нобэ дызэрыгушхуэу «къэфакIуэ гъуэзэджэ» жыхуэтIэхэр псори зыгъэсар Дашу Хьэшырщ. 1953 гъэм аращ сэ къэфакIуэ ансамблым сыхэзыгъэхьар.**

АУЭ СЫТКIЭ ящыгъупщами, абы и лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ игъуэтакъым. Газетхэм абы и цIэр къызэрытехуар мащIэ дыдэрэщ, и гугъу щащIар зэзэмызэххэщ, абы щыгъуэми, и лэжьыгъэр къэзыгъэлъэгъуэнкIэ Iэмал зимыIэ «цIыхуфIт, гуапэт» псалъэ тафэтелэхэмкIэ хуэупсэу. Апхуэдэу Дашум и гугъу пщIынри, зыри хужумыIэххэнри зыуэщ сэ къызэрыслъытэр. Абы хуэфащэт и творчествэ тIуащIэр зэрыщыту къызэщIэзыкъуэ тхыгъэ ин, купщIафIэ.

Хьэшыр хузэфIэкIар зэи тщыгъупщэ хъунукъым. НэгъуэщI зыри имыщIами, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу 1957 гъэм Москва зэрызыкъыщыдгъэлъэгъуэнум ансамблыр хуэзыгъэхьэзырар аращ, иужькIэ Монголием дызэрыкIуари зи гуащIэ къыдэкIар Дашу Хьэшырщ.

И щIэныгъэм Ленинград щыхигъахъуэу къэкIуэжа нэужь, абы «Кабардинка»-м къигъэзэжат, арщхьэкIэ Музыкэ театрым и балет труппэр нэхъапэу къалъытэри (!), абы ягъэкIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Кабардинка» ансамблым куэд фIэкIуэдащ.

Нобэми «псэущ» Хьэшыр и къафэхэр, хэт хуейми къищтауэ, езым я гуащIэу ягъэувауэ.

**АЛЭКЪЕЙ Мухьэмэд,**
*КъБР-м и цIыхубэ, УФ-м щIыхь зиIэ я артист.*







## И псалъэр хущхъуэт

**Илъэс куэд хъуащ цIыху гъуэзэджэр, хореограф зэчиифIэр зэрытхэмытыжрэ, ауэ ар тщIыгъущ, зэи ди гум ихунукъым.**

ДАШУ Хьэшыр ХьэкIашэ и къуэ! А цIэр псоми ящIэрт, «Нартхасэ», «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Терчанка» ансамблхэр къызэгъэпэщыным и гуащIэ куэд хилъхьат, нэгъуэщI Iэджи хузэфIэкIати.

Дашур «Нальчанка» цIыхубэ ансамблым и япэ балетмейстеру щытащ. Лъэпкъ художественнэ гъэсэныгъэмрэ сабийхэм утыку итыкIэ егъэщIэнымрэ щызэпха, ныбжьыщIэхэр щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щIэзыпIыкI методикэ Iэмал гъэщIэгъуэн зэхилъхьат абы. Хьэшыр игъэуващ ансамблым и фондым къыхэна къафэхэр, хореографие этюдхэр. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «ЦIыхубэ джэгукIэхэр», «Уузыншэм, щIалэгъуэ!», «Нарт щIыналъэм теухуа хъыбар», «Долинск и розэхэр», «Бгылъэ удз гъэгъа» зыфIищахэр. Сыт и уасэ абы и «Къафэр»! «Нальчанка» ансамблыр дунейпсо, урысейпсо, республикэ зэпеуэхэм, Урысейм и Артиадэм я лауреат зыбжанэрэ зэрыхъуар зи фIыщIэри, шэч хэмылъу, Хьэшырщ.

Сэ куэдрэ сигу къокIыж Мексикэм щыщыIам щыгъуэ Хьэшыр и къафэхэм Iэгуауэшхуэ зэрыхуаIэтар, балетмейстерми абы и гъэсэнхэми ятеухуа псалъэ гуапэхэр газетхэм къызэрытрадзар.

Тхьэм хореографу къигъэщIат ар. АпхуэдизкIэ и гупсысэр куут, и акъылыр бейти, Хьэшыр фIы дыдэу къехъулIэрт езым къигупсыса къафэхэр игъэувыныр. СызэригугъэмкIэ, Дашум и ехъулIэныгъэ псом я лъабжьэр сабийхэр фIыуэ зэрилъагъуырт. Апхуэдэуи цIыхум и гукъыдэжыр къэIэтынымкIэ «IэпщIэлъапщIэт» Хьэшыр. ГушыIэ дахэ зыхэлът, и зы псалъэри хущхъуэт, уи псэр игъэтыншу, укъызэщIиIэтэу. Ар щысымаджэм зыбжанэрэ я деж сыкIуати, узым къыхигъэзыхь пэтми, сыкъызэрилъагъуу нэщхъыфIэ къэхъурт, хъыбар гъэщIэгъуэн гуэрхэр къызжиIэжырт. Сыту цIыху бэшэчт, лIыгъэшхуэ зыхэлът ар!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр ахэр хэмыту уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэ цIыхухэмкIэ бейщ. Абыхэм ящыщу япэу зи цIэр къиIуапхъэщ Дашу Хьэшыр. Абы и цIэр щыпсэуа уэрамым щIыфIамыщыр, Хьэшыр и фэеплъу республикэ зэхьэзэхуэхэр щIрамыгъэкIуэкIыр, къэфакIуэ гуп нэхъыфIхэм ират саугъэт Дашум и цIэкIэ щIамыгъэувыр сщIэркъым. Ар абы къызэрилэжьам зыми шэч къытрихьэу къысщыхъуркъым.

Къапщтэмэ, ди IуэхущIапIэм щIэхщIэхыурэ щыдогъэкIуэкI Хьэшыр и фэеплъ пщыхьэщхьэхэр, сабийхэм абы и гугъу яхудощI, ядогъэцIыху. Си дежкIэ Хьэшыр егъэджакIуэт, ныбжьэгъуфIт, цIыхум хэлъ хьэл-щэн нэхъыфI дыдэр гуапагъэр зэрыарар си фIэщ зыщIар аращ.

Дашу Хьэшыр къигъэщIа илъэсхэм щыщ дэтхэнэ зы махуэри гуапэу щытащ. Абы къэфэным хуигъэсащ цIыху куэд, абыхэм ящыщщ ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыхуа хореографхэу Тхьэмокъуэ Мартин, Щауей Еленэ, Куэшей Алик сымэ, нэгъуэщIхэри. Абы и гъэсэнхэр «Кабардинка» ансамблым хэтащ гупыр ягъэбжьыфIэу.

Хьэшыр къытхэмытыжми, дэ ар тщыгъупщэнукъым. Балетмейстерым и фэеплъщ «Нальчанка»-р, ар утыкум итыху, Дашум и къафэхэр псэунущ.

**БЕЗРОКЪУЭ Еленэ,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

## «Усэ» итхыфырт лъакъуэкIэ, IэкIэ, псэкIэ

**Дашу Хьэшыр цIыхушхуэт. Этнографиер, театрыр фIыуэ зылъагъу, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ артистымрэ сэрэ дызэныбжьэгъут.**

СЫТ и лъэныкъуэкIи цIыху дахэт ар. ЩIымахуи гъэмахуи екIуу, зэщIэкъуауэ хуэпат. И зыIыгъыкIэ дахэм, и щхьэц тхъуа дэлъэщIеям, и натIэ лъагэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Дэ, щIалэжь цIыкIухэр, абы ещхь дыхъуну дыщIэхъуэпсырт. Зы лъэныкъуэкIи дэтхэнэ зыри епсэлъэфу къызэрыгуэкI цIыхут ар - гушыIэр зи щIасэти, и хъуреягъкIэ къетIысэкIауэ и гукъэкIыжхэм щIэдэIурт. Абы щыгъуэми, псом нэхъри, зэрыжаIэщи, зы щхьэкIэ нэхъ лъагэт. АрщхьэкIэ сэ зэи слъэгъуакъым абы и макъыр зригъэIэтауэ къэфакIуэ гуэрым епсалъэу.

Хьэшыр и къэфэкIэр зымылъэгъуам къафэм хищIыкIыр мащIэщ. Абы и къафэр адрей псоми къащхьэщыкIырт, усэ итхыфырт лъакъуэкIэ, IэкIэ, псэкIэ. Хьэшыр зыми запищIыжыртэкъым, езым сценэм къыщигъэщIхэми къытригъэзэжыртэкъым.

Сэ балетмейстеру сыщылажьэм, Дашум и псалъэхэр куэдрэ сигу къэкIыжырт. «Къафэм хэлъ пщIэмрэ щIыхьымрэ гъащIэм кIуэцIрумыхыфынумэ, сценэм укъыщIихьэххэн щыIэкъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, а къафэм узэрыхуэфащэр къэгъэлъэгъуэф. Къафэр адыгэ лъэпкъ псом и психологиещ, и философиещ», - жиIэрт Хьэшыр.

**ДУМЭН Мурадин,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артист.*

## Апхуэдэ диIакъым

**Уэрэдымрэ къафэмкIэ Къэбэрдей ансамблым лэжьапIэ сигъэувыну си анэм сыщишауэ щыта 1947 гъэрщ сэ Дашу Хьэшыр къыщысцIыхуар. ИлъэсиплIкIэ дызэдэлэжьащ, нобэми схуэмыухауэ согъэщIагъуэ абы бгъэдэлъа зэфIэкIымрэ лэжьэкIэмрэ.**

ХЭКУ зауэшхуэм и ужькIэ ансамблым хыхьа щIалэхэу Тутыкъу СулътIанджэрий, Жырыкъ Мусэбий, Дашу Хьэшыр сымэ зым и къэфэкIэм адрейм зримыгъэщхьу гъуэзэджэу утыкум итт. ЗапыпщIыжыфынкIи Iэмал иIэтэкъым абыхэм, апхуэдизкIэ зэщхьтэкъыми. Гупым и программэм и курыхыр зи пщэ дэхуэри ахэрат.

Хьэшыр и сольнэ къафэхэм узыIэпашэрт, адыгэ къафэм и лъэщагъыр наIуэ пщащIу. Лъэпкъ къафэр и лъым хэтт мы щIалэм. Абы и щыхьэтщ лъэпкъ къафэхэм теухуа тхылъ Кавказым щыяпэу къызэрыдигъэкIауэ щытар. 1956 гъэм дунейм къытехьа «Адыгэ цIыхубэ къафэхэр» тхылъым Дашум щызэпкърихащ хореографиер зэрыщыту, абы теухуауэ иIэ гупсысэхэр, утыкум къихьэ къэфакIуэхэм я увыкIэу, зекIуэкIэу, зыIыгъыкIэу щытын хуейхэр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэр щIыгъужу.

Зи гъащIэ псор къэфэнымрэ къафэм хуэгъэсэнымрэ тезыхуа Дашу Хьэшыр нэгъуэщI куэдми хуэIэкIуэлъакIуэт, урысхэм зэрыжаIэщи, зэчий зыбгъэдэлъ цIыхур сыт хуэдэ IуэхумкIи зэчиифIэщ. Абы фIы дыдэу сурэт ищIырт, игъэув къафэхэр щагъэзащIэкIэ ансамблыр зыхуеинухэр - хьэпшыпхэм деж щегъэжьауэ фащэхэм деж щыщIэкIыжу - зэрыщытын хуейр, гугъу демыхьу, тхылъымпIэ напэм къытригъэщырт.

Егъэджэныгъэ IэнатIэми хуэIэкIуэлъакIуэт Дашур. Культпросветучилищэм щыщригъаджэми, профтехучилищэм деж «Нальчанка» ансамблыр щыщызэхуишэсами, зэрылэжьа щIыкIэм наIуэ къищIащ ар. Хьэшыр и гъэсэнхэм ящыщ куэд щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьауэ щытащ.

И цIыху щIыкIэм утепсэлъыхьмэ, Хьэшыр зэщIэкъуат, гъэсэныгъэ хэлът, теплъафIэт, гупгъэдахэт, зэчиифIэт.

Дашу Хьэшыр хужысIам егъэлеяуэ зыри хэлъкъым. Ахэр сэ абы дэслъэгъуащ сыщыдэлэжьа илъэсиплIым. 1947 - 1950 гъэхэм сызыхэта ансамблым сыкъыхэкIыжри, еджапIэ сыкIуат. Абы иужькIэ лэжьыгъэкIэ Iуэху зэхудимыIами, дызэхуэзэмэ дызэщыгуфIыкIыу дыкъекIуэкIащ Хьэшыррэ сэрэ.

**КЪАШЫРГЪЭ Билал,**
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, уэрэдус, къэфакIуэ.*






## Псоми ещхь, зыми емыщхь

**Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ я артист, балетмейстер телъыджэ Дашу Хьэшыр псэужамэ, мы гъэм и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут.**

ХЬЭШЫР 1929 гъэм и щIышылэ мазэм Вольнэ Аул къыщалъхуащ. Иджыри сабийуэ абы щIидзащ къэфэн. Зэгуэрым, накъыгъэ махуэшхуэр ягъэлъапIэу, щIалэгъуалэр уэру Налшык и уэрамхэм дэтт, зыгъэпсэхупIэхэм зыкъыщагъэлъагъуэу. Къэбэрдей уэрамым къыщыфэ Дашум гу къылъитащ гъунэгъуу блэкI Къалмыкъ БетIал. КъэфакIуэ ныбжьыщIэм къулыкъущIэр къыбгъэдыхьэри IэплIэ къыхуищIат, икIи: «Афэрым, уэ къэфакIуэ гъуэзэджэ къыпхэкIынущ!» - къыжриIат. А псалъэхэр пэж хъуащ. Ар хыхьащ уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым (иужькIэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль цIэрыIуэ хъуам). Къулыкъу щищIэм, ар хэтащ Забайкалье дзэ округым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым. Къафэхэр гъэувыным IэкIуэлъакIуэ щыхуэхъуари а зэманырщ.

Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм Дашур игъэкIуауэ щытащ Вагановэм и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт хореографие училищэм. И щIэныгъэм хигъэхъуауэ, еджапIэм и илъэситI курсыр къиухауэ къигъэзэжат лъэпкъ къафэхэмкIэ щIэныгъэ зиIэ япэ балетмейстерым. Япэ илъэсхэм абы щригъэджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и культпросветучилищэм. Абы къыдэкIуэу, ар ядэлажьэрт «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Терчанка», «Нартхасэ» гупхэм. «Нартхасэ» ансамблым Дашу Хьэшыр щиунафэщIым гупыр хэтат Польшэм щекIуэкIа фестивалым. Къэрал 20-м щIигъу зыхэта зэхьэзэхуэм «Нартхасэр» щытекIуэри, Гран-при саугъэтыр къихьат. Абы щыгъуэ ансамблым игъэзэщIат псоми телъыджэ ящыхъуа «Нартхэр» хореографие сюитэр.

Хьэшыр зи унафэщI гупхэм Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтырт ахэр здэкIуэ щIыналъэхэм. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, абыхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуа Индиер, Германиер, Мексикэр, Кипрыр, нэгъуэщIхэри.

ПрофтехегъэджэныгъэмкIэ щэнхабзэ унэм деж абы щызэхуишэсауэ щытащ «Нальчанка» ансамблыр икIи илъэс 20-м щIигъукIэ гупым и унафэщI емызэшыжу щытащ. Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм ирагъэблагъэри, Дашу Хьэшыр лэжьащ «Налмэс» ансамблым и балетмейстер нэхъыщхьэу. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм, лъэпкъ гъуазджэм и махуэхэр Москва щыщагъэлъапIэм, Хьэшыр «Кабардинка» ансамблым и солисту щытащ.

ДАШУ Хьэшыр зы махуи Iуэхуншэу щысакъым. И цIыху щIыкIэкIэ гумызагъэти, зыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, республикэм къыщаIэт сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру хэтт. Псалъэм папщIэ, «Спартак» стадионым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI махуэшхуэ концертхэм къерагъэблагъэ гупхэм зэгъусэу ягъэзэщIэну къафэхэр зыгъэувыр Хьэшырт, зыгуэрым упщIэ иIэмэ, абы деж жэуап щигъуэтырт, чэнджэщэгъу нэст, ныбжьэгъу пэжт. Иужьрей илъэсхэм Дашур лэжьащ облсовпрофым Художественнэ самодеятельностымкIэ и унэм хореографиемкIэ и методисту.

Дашу Хьэшыр балетмейстер гъуэзэджэм и закъуэтэкъым, ар икIи сурэтыщI IэкIуэлъакIуэт. Абы къыщIэнащ сурэт гъэщIэгъуэнхэр, и Iуэху еплъыкIэр, и гупсысэкIэр, и IэщIагъэр наIуэ пщащIу.

Илъэс куэдкIэ гуащIафIэу лъэпкъ гъуазджэм зэрыхуэлэжьам щхьэкIэ, Хьэшыр къыхуагъэфэщат «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» медалыр, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр къыфIащат.

Хьэшыр хуэдэ цIыху щыпкъэхэм я фIыгъэкIэ, дуней псом къыщацIащ ди республикэ цIыкIур, адыгэ къафэ дахащэхэр, ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ.

*Хьэшыр и гъэсэнхэм къабгъэдэкIыу къэзытхар*
**ДАШУ Валентинэщ.**

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Къэрал Думэ

# Унэ ныкъуэщIхэр ядэнукъым

**Урысейм и къалэ куэдым я насып къикъакъым «генеральный план» жыхуаIэр яIэнымрэ абы тету заужьынымрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Налшыки абыхэм ящыщщ. Зэрыхуейуэ, щIы къиубыду, я тхьэ зэреплъу, унэ е нэгъуэщI IуэхущIапIэ иращIыхьам хуэдэ хъуащ Налшык и уэрамхэр.**

УНЭ ГУЭРЫМ и гупэм деж щIы къыщаубыду ухуэныгъэ щаублэныр зыуи къащыхъуркъым, сабийм джэгупIэ зэрамыIэжынури, пэшхэм дыгъэ зэрыщIэмыпсэжынури, а пщIантIэр, уэрамыр зэраубзыхуа щIыкIэр хьэдэгъуэдахэу зэхэтхъуа зэрыхъунури гурыIуэгъуэми.

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Iэтащхьэ щыхъуам япэу къиIэта Iуэхухэм ящыщт Налшык и уэрамхэр зэхэтхъуа зэрыхъуар, хабзэм ебакъуэу зыгуэрхэр зыухуахэм я зэранкIэ.

Къалэм и унафэщIхэми, Налшык и генеральнэ планыр зыщIхэми (Дон Iус Ростов ухуэныгъэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр) я лэжьэкIэмкIэ мыарэзыуэ жиIахэм яужькIэ дыщыгугъат мы Iуэхум къанэ щымыIэу зихъуэжыну. Пэжщ, а зэIущIэм и ужькIэ уэрамхэм трагъэкъэбзыкIащ тыкуэн цIыкIу куэд, Iэгъэбэгум хуэдэу бэгъуауэ, къалэр теплъаджэ ящIу дэнэкIи щагъэуваувэ щытахэр. А лэжьыгъэ дыдэр япэу щызэфIаха Москва «хуиту зэрыбэуэжам» и гугъу ящI пэтми яхуэухыркъым.

ГурыIуэгъуэщ Москва зедгъапщэ зэрымыхъунур, ауэ абыи нэгъуэщI Iуэхухэр къыщыкъуэкIащ ухуэныгъэм теухуауэ. Пэжыр жыпIэнумэ, ар иджыкъым къыщежьар, ауэ афIэкIа пшэч хъуну къыщIэкIынукъым.

Иджыблагъэ Къэрал Думэм къыщыпсэлъащ УФ-м и вице-премьер Мутко Виталий. Абы зэрыжиIамкIэ, 2019 гъэм псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мелуан 75 - 80 хьэзыр хъунущ. Правительствэм къалэн щащIауэ щытщ 2024 гъэ пщIондэ илъэс къэс метр зэбгъузэнатIэ мелуани 120-рэ ятын хуейуэ, абы щыгъуэми унэ хуащIыну жаIэу къагъэпцIа къыхэмыкIыжу, кхъахэ хъуа унэхэм щыпсэухэри ягъэIэпхъуэным теухуауэ я пщэрылъри тэмэму ягъэзащIэу.

Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав жиIащ блынхэр дэпщIейкIэ, и куэцIымкIэ чырбышыр къаплъэу унэ къэбгъэувкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIыр. Абы жиIащ депутатхэм хабзэщIэ зэраубзыхунур курыт еджапIэ, поликлиникэ, сабий сад, цIыхухэм я зыгъэпсэхупIэ зимыгъусэ, унэщIэу зэхэт хьэблэ къращIэкIыу ямыдэным теухуауэ. КъинэмыщIауэ, Володиным къыхигъэщащ адэ-мыдэкIэ «даукIэ» унэхэм къалэм и теплъэр зэрихъуэжыр, зекIуапIэрэ машинэ гъэувыпIэрэ къызыхуамыгъэнэж цIыхухэр абы зэригъэтхьэусыхэр. «Ди къалэхэм дахуэвгъэсакъ, теплъаджэ мыхъуным теухуауэ. ИджыкIэ зэрыхъуращи, коммуникацэ псори здэщыIэ уэрамым, хьэблэм щаухуэ унэ лъагэхэр а зыбгъэдагъэувэхэм екIукъым, а коммуникацэхэри пэлъэщыркъым унэшхуэм щIэсынухэм псыуэ, газу, уэздыгъэу къагъэсэбэпынум. ИтIани яухуэ, хьэблэщIэ щат къохъу, ублэмэ гъуэгу емыкIуалIэу», - жиIащ Володиным. Абы къыхигъэщащ къалэхэр зэхэзытхъуэ, цIыхухэр зыгъэтхьэусыхэ унэ ухуэкIэм кIэ езытыну федеральнэ хабзэ къызэращтэнур. «Армырамэ, щхьэзыфIэфIыгъэмрэ щхьэхуещагъэмрэ къытхуэгъэувыIэнукъым», - дыщIигъуащ Къэрал Думэм и УнафэщIым.

Депутатхэр зэгурыIуащ зи гугъу ящIам теухуауэ хабзэ къащтэн, абы и проектыр Правительствэм къыхилъхьэн хуейуэ. Мы Iуэхур зэрыкIуатэм кIэлъыплъыну депутат гуп хахынущ.

НалшыккIэ къэдгъэзэжынщи, зи щхьэгъубжэхэр кIыфI унэ дапщэ дэт ди къалащхьэм. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: езы фэтэрыр лъапIэмэ, ар чырбышым щыщIэбдзэу къипщIыкIыжын хуеймэ, унэм утезыгъэгушхуэн пщIантIэ хуамыщIамэ - дэтхэнэра цIыхум езым и сомымкIэ зэригъэзэхуэжынур? Аращ уэрамхэр къэзыгъэнэхун хуей унэхэр пшапэзэхэуэгъуэм нэхъри нэхъ Iейуэ уаIуплъэу, цIыхуншэу къалэм къыщIыдэнари.

● Къэрым хытIыгуныкъуэр

# Ар зыIэщIэбгъэкI хъунт?

**Урысейм Къэрымыр къызэрыгухьэжар яхуегъэхыркъым а хытIыгуныкъуэм нэгъуэщI гуращэ хузиIахэм. Псом хуэмыдэу США-м.**



IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ зэрыжаIэмкIэ, Америкэм мурадышхуэ ищIат и дзэ базэ абы щиухуэну. Ар къэхъуатэмэ, хы ФIыцIэм текIыу нэгъуэщI хы темыхьэфу Урысей флотыр даубыдэнут, зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ и къалэныр хуэмыгъэзэзащIэу. Иджы зэрыхъуаращи, Къэрымымрэ Севастополрэ Урысейм къызэрыгухьэжам и фIыщIэкIэ «Искандер»-м и «нэIэ» щIэтщ хы ФIыцIэ Iуфэ псор, Босфори хиубыдэу. Абы къикIращи, урысеидзэм и кхъухьхэр хы ФIыцIэм зыми къыщигъэувыIэфынукъым.

Къэрымым щхьэкIэ Урысейр, Тыркур, США-р, Европэ Зэгухьэныгъэм хэт къэралхэр щIызэныкъуэкъум и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ - а хытIыгуныкъуэр зейм и Iизынынышэу мы щIыпIэшхуэм зы Iуэхуи щекIуэкIынукъым. Аращ лIэщIыгъуэ-лIэщIыгъуэкIэрэ мы щIыналъэм щхьэкIэ къэралхэр щIызэзэуар. 1783 гъэм пащтыхь гуащэ Екатеринэ Къэрым хытIыгуныкъуэр (Тавридэ), Таманыр, Псыжь лъэныкъуэр Урысейм и щIыналъэу зэригъэбелджылы Манифестым Iэ зэрыщIидзрэ, Къэрымыр къизэуну хэт къэмыкIуами ар къехъулIакъым - Урысейм ейуэ къэнэжащ, СССР-р лъэлъэжыху.

Хы ФIыцIэ флотым щхьэхуэу утепсэлъыхьмэ, Украинэм илъэс къэс доллар мелуани 100 етту щытащ Къэрымым базэ щыдиIэн щхьэкIэ. А зэгурыIуэныгъэм 2049 гъэ пщIондэ къару иIэныр зэрыщIагъэбыдар газым и уасэмкIэщ - Урысейм ар Украинэм зэрырищэр процент 30-кIэ нэхъ пудт. Абы къыхэкIыу Урысейм ику иту доллар мелардиплI фIэкIуэду щытати, иджы апхуэдэ хэщIыныгъэ иIэжкъым - газыр Украинэм зэрыращэр дунейм щызекIуэ уасэм хуэдизкIэщ. Доллар мелуан 15 гъэ къэс Урысейм итырт Керчь псыдэлъэдапIэр къигъэсэбэпыфын папщIэ. Зэрытлъагъущи, ди къэралым къыхуэнэжыр мащIэкъым, ауэ фейдэр здэщыIэр зи гугъу тщIахэм я закъуэкъым.

Къэрымыр Урысейм къызэрыгухьэжам и фIыщIэщ хы ФIыцIэмрэ Азоврэ я Iуфэм щыIэ щIыдагъэ, газ гъэтIылъыгъэхэм я Iыхьэ плIанищыр ди къэралым и щIыналъэ зэрыхъужар. Къапщтэмэ, а щIыпIэхэр газкIэ апхуэдизкIэ къулейщи, Урысейми нэгъуэщI къэралхэми илъэс куэдкIэ щащэфынущ.

Мы хытIыгуныкъуэр къулейщ фIамыщIкIэ, шыгъукIэ, ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп мывэфIхэмкIэ, дыщэкIэ, мывэ лъапIэхэмкIэ. Абы и зыгъэпсэхупIэхэм щымыгъуазэ къэгъуэтыгъуейщ. Километр минитIрэ нықъуэрэ хы Iуфэм щыщу я хэщIапIэ хъуащ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, зыщагъэпсэху IуэхущIапIэ мин бжыгъэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, федеральнэ, щIыналъэ бюджетхэм абыхэм хэхъуэшхуэ къыхуахь.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: Къэрымыр бейщ щэнхабзэ щIэинхэмкIэ. Къапщтэмэ, щэнхабзэ тхыдэ фэеплъу хытIыгуныкъуэм щыIэщ мини 9-м нэс. Ар узэрыгушхуэнщ, нэгъуэщI къэралхэм щыщ куэд зыплъыхьакIуэ къыщIэкIуэми и щхьэусыгъуэхэм язщ.



● Жэрдэм

# Дагъэ псори дагъэкъым

**Хамэ къэралхэм къраш дагъэм, пальмэм, зейтуным (оливкэм), былым къэбыстэм (рапсым), сэхураным, нэгъуэщIхэми къыхэщIыкIам, канцероген пкъыгъуэ хэлъынкIэ зэрыхъунум трищIыхьу, Евразие экономикэ комиссэм (ЕЭК) и Коллегием Урысейм и Правительствэм зыкъыхуигъэзащ дагъэр иджырей мардэм тету зэрагъэкъабзэ лэжьыгъэ ди къэралым щаублэным теухуауэ.**

ДАГЪЭР ягъэкъабзэ дыдж мыхъун папщIэ. Ар зыхуэдэн хуеймкIэ зэранщ къэкIыгъэм ирахьэлIэ щIыгъэпшэрхэр, гербицидхэр, уеблэмэ щIагъэлъадэ псым хэлъ хлорыр. КъинэмыщIауэ, щагъэкъабзэкIэ градус 200-м нэскIэ къагъэплъын хуейщи, абы канцероген пкъыгъуэхэр къыдокIуэ.

ЕЭК-м къыхуигъэува лэжьыгъэм пэлъэщын щхьэкIэ, дагъэ зэрагъэкъабзэ щIыкIэм щIэуэ куэд халъхьэн хуейщ, иджырей Iэмэпсымэхэр ягъэувыным мылъкушхуэ текIуадэу. Дагъэрэ щэрэ къыщIэзыгъэкIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мальцев Михаил жеIэ мы Iуэхум илъэситху-хы ихьыну, а псор зэрагъэзэхуэхукIэ нэгъуэщI къэралхэм къраш дагъэхэкIхэм хагъэхъуэн хуей хъуну.

● Шэшэн Республикэ

# НыбжьыщIэхэм я узыншагъэм трашIыхь

**Шэшэн Республикэм и Парламентым хабзэ къищтащ электроннэ тутын лIэужьыгъуэ псори балигъ ныбжьым нэмысам ирамыщэну.**

БАЛИГЪХЭР апхуэдэ тутын щефэну хуиткъым цIыхухэм я зэхуэсыпIэм, зекIуапIэм: сабий садхэм, еджапIэхэм, сымаджэщхэм, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я пщIантIэхэм, стадионхэм, цIыхухэм дыгъэм зыщрагъэу псы Iуфэхэм, транспорт лIэужьыгъуэ псоми. Тутын щефэу ядэнукъым лифтым, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я щIыхьэпIэхэм. А хабзэм ебакъуэхэм административнэ жэуап ирагъэхьынущ. Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: мы хабзэр къащтэну депутатхэм чэнджэщ езытар щIыналъэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзанщ. Абы зэрыжиIамкIэ, кIуэ пэтми къахохъуэ, псалъэм папщIэ, вейп-девайс ефэхэм, ар Грознэм къыщыпщэхунми гугъуехь лъэпкъ пылъкъым. Уеблэмэ уи унэм ущIэмыкIыу къыпхуагъэсынущ, ИнтернеткIэ зыщэр куэдщи.

Вейп-девайсыр зыщIхэмрэ зыщэхэмрэ жаIэ тутыныр IэщIыб зыщIыну хуейхэм ар сэбэп яхуэхъуу, вейпым мэ гурыхь зыщI фIэкIа нэгъуэщI химие хамылъхьу. Ауэ IэщIагъэлIхэм шэч къызытрамыхьэр нэгъуэщIщ: вейпми никотин хэлъщи, тутынафэхэм я бжыгъэм къыхохъуэ.

- Къапщтэмэ, къэрал куэдым вейпыр щрагъащэркъым. Дэ иужьрей зауэхэм ди цIыху куэд хэкIуэдащи, ди щIалэгъуалэр тхъумэн хуейщ, - жеIэ Кадыровым.

КъызэрымыкIуэу мыхьэнэ иIэщ ди гъунэгъу республикэм къыщащта унафэм, ауэ мы Iуэхур нэмыгъэсауэ къысщохъу. Балигъ хъуауэ къыщалъытэ ныбжьым итхэри абы щыхъумэн хуейт, я гъащIэр, я узыншагъэр куэдкIэ абы щелъытакIэ. Псалъэм папщIэ, США-м цIыху 18 вейпым зэрыщилIыкIам, 1080-м я тхьэмбылыр уз зэрыхъуам и хъыбар газетхэми, телевиденэми, интернетми дагъэщIащ. А бжыгъэхэм я процент 80-р илъэс 35-м нэхърэ нэхъыщIэщ, процент 16-ращ илъэс 18 мыхъуар. Абы тепщIыхьмэ, афиянхэм хуэгъэдэн хуейт вейпымрэ кальянымрэ. Кафе, ресторан, тыкуэн дапщэм ахэр щащэрэ хуиту, цIыхур къызэрырашалIэ Iэмалу къахуэнауэ?

Шэшэнхэракъым балигъ мыхъуахэм вейп ирамыщэныр япэу хабзэм хуэзыгъэкIуар. Илъэс зыбжанэ хъуащ Вологодскэ, Пензэ областхэм, абыхэм я кIэлъыкIуэу Оренбург, Санкт-Петербург, Удмуртиемрэ Бурятиемрэ абы хуэкIуащ. Мы гъэм а хабзэр къыщащтащ Москва, Астрахань, Ростов областхэм, Камчаткэм.

Дыщыгугъынщ ди депутатхэми мы Iуэхум гу лъатэну.

Зым унафэ трамыщIыхьыфурэ нэгъуэщI къожьэ, цIыхум и узыншагъэмкIэ зэранышхуэу. Зи гугъу фхуэсщIынур иужьрей зэманым ди къэралым кърашэ хъуа фадэ гъущэрщ (порошок зэхащIэжым аращ зэреджэр).

Къэрал Думэм етIуанэ еджэгъуэу къыщащтащ КоАП-м халъхьэну зэхъуэкIыныгъэр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуащи, фадэ гъущэ зыщэ цIыхум сом мини 5-м къыщыщIэдзауэ 20-м нэскIэ етхьэкъунущ, апхуэдэ щащэ тыкуэным и унафэщIым ипшынынущ сом мин 50, юридическэ лицохэм - сом мин 200-м къыщыщIэдзауэ мин 500-м нэс тезыр тралъхьэфынущ. Апхуэдэ Iуэхухэм хьэкумыщIэхэращ хэплъэнур.

- Фадэ гъущэр США-м къыщагупсысащ. Къэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIахэм яужькIэ, ар цIыхум дежкIэ зэрызэраным тращIыхьри, Европэ Зэгухьэныгъэм хэт къэрал псоми «я бжэр» хузэхуащIащ. Къапщтэмэ, езы Америкэми и штатхэм я нэхъыбэм ар щрагъащэркъым. Дэри ипэIуэ зидгъэщу абы и унафэ тщIын хуейщ, хабзэкIэ щIэгъэбыдауэ, - жеIэ Роспотребнадзорым и Iэтащхьэ Поповэ Аннэ.

Къэрал Думэм мы хабзэр ещанэ еджэгъуэу къыщащтэу ар газетхэм къыттрадза нэужь, махуипщI дэкIмэ, къару егъуэт.

● ЩIэблэ

# КуцI яхуэхъун яшхрэ?

**Сабий садымрэ еджапIэхэмрэ щIэблэм щашхым теухуауэ куэд жаIэ иужьрей зэманым. Ар Iэпэдэгъэлэл пщIы зэрымыхъунур къагурыIуауэ къыщIэкIынущ, абы Къэрал Думэр хэплъэу хабзэ игъэбелджылыну яужь щихьакIэ. Шхыныр узыншагъэмкIэ нэхъыфI, нэхъ IэфI хъун хуейуэ дыщыгугъынщ, иджы япэ дыдэу «здоровое питание» псалъитIыр хабзэм и проектым щыхатхакIэ.**

ЩIЭБЛЭМ яшхым теухуауэ мыращ жиIэр медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, педиатр-иммунолог Продеус Андрей: «Сабийхэр махуэм сыхьэти 6 - 8-кIэ йоджэ. «Продленка» жыхуаIэм ахэр къанэмэ, шэджагъуашхэри пшапэIусри (полдник) абы щызэфIокI. НэгъуэщIу жыпIэмэ, сабийм ишхым и процент 70-р еджапIэм щигъуэтращ. Тхауэ щыIэщ белокыу, дагъэу, IэфIу абыхэм (я ныбжьым елъытауэ) яшхын хуейр. Ауэ ар псоми ягъэзэщIэфу пхужыIэнукъым».

IэщIагъэлIым къыхегъэщ сабийр тэмэму шхэныр, сэбэп къыхуэхъунур ищIэныр унагъуэм къызэрыщежьэр. Псалъэм папщIэ, пиццэмрэ макаронымрэ есахэм хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ къалъыхъуэркъым. Абы щыгъуэми, уз зэрыцIалэхэр хэмыту, цIыхум къеуалIэ узхэм я процент 70-р тэмэму зэрымышхэращ къызыхэкIыр.

Дохутырхэм жаIэ цIыхур узыншэнымкIэ сэбэп хъу ерыскъыр зыхуэдэм теухуауэ щIэблэм епсэлъэн хуейуэ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, сабий садым къыщыщIэдзауэ абыхэм ялъагъупхъэщ тэмэму пщэфIа шхын, нэхъыжьхэм зэрыжаIэщи, куцI езыгъэщIын.

Зи гугъу тщIы проектыр хабзэм хуэкIуэмэ, курыт еджапIэхэм я сайтхэм адэанэхэм щхьэкIэ къыщагъэлъэгъуэн хуейщ тхьэмахуэм къриубыдэу сабийхэм ирагъэшхынур.

Депутатхэм я деж мы Iуэхур нэсыну къыщIэкIынтэкъым, курыт еджапIэм щIэсхэм ящыщу ягъашхэхэр Iэнэм къыхутрагъэувэр ягу иримыхьу жаIэу мытхьэусыхэтэмэ. ЩыIэщ анэхэр зэгурыIуэу еджапIэхэм я шхапIэхэм зэрыкIэлъыплъым и щапхъи. Апхуэдэхэм зэрыжаIэмкIэ, шхыныр къыхуэзышэми ар Iэнэм къахутезыгъэувэми жэуаплыныгъэр нэхъ зыхащIэ, я лэжьэкIэм зэрыкIэлъыплъынур щащIэкIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и хэгъэгухэм я нэхъыбэм яхузэфIэкIыр «льготники» жыхуаIэм хыхьэхэр ягъэшхэнращ. Депутатхэм хабзэр къащтэмэ, пэщIэдзэ классхэм щIэс псори ягъэшхэн хуейщ. Ауэ щыIэщ а Iуэхум пэмылъэщыну щIыналъэхэр. КъызэрабжамкIэ, пщэдджыжьышхэмрэ шэджагъуашхэмрэ сабий псоми яIэн папщIэ федеральнэ ахъшэу сом мелард 37-рэ щIыналъэхэм трагуэшэн хуейщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ**.



● Дзюдо

# Ахъмэт Мусэбий и цIэ лъапIэр

**Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекIуэкIащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу къызэрагъэпэща, дзюдомкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Къэралым и щIыналъэ 12-м къикIауэ абы кърихьэлIащ спортсмен 200-м нэблагъэ.**



ЗЭПЕУЭР къыщызэIуахым Ныр Сеф и цIэр зехьэ, Олимп резервым дзюдомкIэ и спорт школым и унафэщIхэм ягъэпажащ мы гъэм къэрал кIуэцI зэхьэзэхуэхэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъэгъуа спортсмен зыбжанэ. Апхуэдэу, ахъшэ саугъэтхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ хуагъэфэщащ Бабыгуей Олегрэ абы и гъэсакIуэ Ким Русланрэ, Иванов Дмитрий, Мэрзей Таймураз сымэ. Зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтын щыгъын кърататащ Гаев Омар, Къанокъуэ Арианэ, Шормэн Элеонорэ, Къумыкъу Темболэт, Байдаевэ Айшэ, Уянов Магомед. КимонокIэ яхуэупсащ Балъкъыз Залымрэ Гъудэ ДжэбрэIилрэ.

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэу Уянаев Тимур, Бэлахъуэ Артур, Къущхьэ Джамболэт сымэ.

**МЭЗКУУ Къанщобий.**

● Каратэ




# Биткаш дыжьын медалыр къехь

**Инджылызым и Кроули къалэм мы махуэхэм щекIуэкIащ киокушинкай каратэмкIэ Инджылызым и 43-нэ чемпионат зэIухарэ Европэм и Кубокыр къэхьыным хухэха 11-нэ зэхьэзэхуэрэ. Абы ехъулIэныгъэ иIэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэтхэм.**

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 80-м нэблагъэхэм я зэпэщIэтыныгъэм текIуэныгъэ зыбжанэ къыщызыхьа Биткаш Эмиль финал зэIущIэм щыхуэзащ Швецием щыщ, каратэ лIэужьыгъуэ зыбжанэмкIэ дунейпсо чемпионатхэм щытекIуа Росин Йонас. КIэух зэпэщIэтыныгъэм ди лъахэгъум зымащIэкIэ къефIэкIащ и хьэрхуэрэгъур. Абы дыжьын медалыр къылъысащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Кайман» щхьэзакъуэ зэзауэхэмкIэ клубым и Iэтащхьэ Биткаш Эмиль Европэм и чемпионщ, Урысейм тхуэнейрэ и чемпионщ, киокушинкаймкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# КIэух зэпеуэм хэтынур къыхах

**Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и етIуанэ щIыналъэ Iыхьэр.**

ЯПЭ Iыхьэми хуэдэу, щIыналъэ зэпеуэм хэтынухэм я нэхъыфIыр къыхахын папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и сайтым къыщагъэлъэгъуэн хуейуэ аращ пажэу къалъытэм и унэцIэр.

ЕтIуанэ Iыхьэм хэтщ республикэ участковэ уполномоченнэ 11. Ахэр щIэбэнынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ урысейпсо зэпеуэм и кIэухым хэтыным. ЕтIуанэ Iыхьэр екIуэкIынущ жэпуэгъуэм и 16 пщIондэ.

Участковэ нэхъыфIхэр ягъэлъэпIэнущ икIи «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр иратынущ щэкIуэгъуэм и 17-м - Участковэ уполномоченнэм и махуэм ирихьэлIэу.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленины и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленины и уэрам, 33

12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *( 3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.055 ● Заказ №935